

Fanmi ak manm pèsònèl lekòl jwe yon wòl enpòtan nan retabli yon sans nòmalite ak sekirite pou timoun apre yon ak vyolans pase. Swiv rapèl enpòtan sayo e vizite www.nasponline.org/children-and-violence pou aprann plis sou sa.




Re-afime Sekirite

Asire elèv ke lekòl yo a an sekirite. Pèmèt timoun yo ekspriye santiman yo epi valide tout reyaksyon sou evènman an. Sipòte ekspresyon ki apwopriye ak santiman yo epi ede yo mete ekspresyon yo an pèspektiv.



Kreye Tan pou Kominike

Kite kesyon timoun yo gide nan enfòmasyon ke yo bay yo. Se pou ou pasyan epi chèche ide yo ke timoun yo vle pataje a. Jèn timoun kapab bezwen aktivite konkrèt (egzanp: jwèt imajinatif) e kèk timoun ki pi gran kapab prefere ekri oswa jwe mizik.



Mentni Eksplikasyon Devlopmanalman Apwopriye

Elèv Elemantè nan Nivo Ba Yo

Bay enfòmasyon senp epi mete anfas sou asirans sou sekirite.

Elèv Elemantè ki nan Nivo Wo yo & Elèv Lekòl Mwayen ki nan nivo ba yo

Reponn kesyon epi ede yo separe reyalite ak fantezi

Elèv Lekòl Mwayen ki nan nivo wo yo & Elèv Lekòl Segondè

Raple yo wòl yo sou s ekirite & kòman pou yo jwenn sipò



Revize Pwosedi Sekirite

Ede timoun idantifye yon adilt nan lekòl la ak nan kominote a ke yo kapab konsilte si yo santi ke yo menase oswa yo an danje. Revize pwosedi ak pwoteksyon nan anviwònman lekòl e lakay.



Obsève Eta Emosyonèl Timoun nan

Genyen nan yo ki papral ekspriye tèt yo vèbalman men kapab genyen chanjman nan konpòtman, apeti, oswa abitud somèy yo kapab endike anksyete oswa estrès. Chèche èd nan men yon pwofesyonèl sante mantal pou sila yo ki genyen pi gwo reyaksyon yo



Mentni yon woutin nòmal

Mentni yon orè regilye pou asire e pwomote sante fizik e mantal. Ankouraje antretyen devwa yo ak aktivite periskolè men pa pouse timoun si yo parèt akable. Pa kite yo gade twòp TV